ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
23 октябрь 2025 год № 20 (588)



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ




А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## АХМАТ-ХАДЖИ КАДЫРОВ – ВЕЛИКИЙ СЫН ЧЕЧЕНСКОГО НАРОДА

Я, старый андиец Араби-Хаджи, сын Магомеднаби, уроженец селения Гунха (Гунха) вилаята Андия Ботлихского района Республики Дагестан обращаюсь к своим детям, внукам, правнукам и их сверстникам из числа андийцев и аварцев.

Дорогие братья по вере!

Разрешите мне рассказать о том, что я видел своими глазами, свидетелями которого были ваши родители и старшие родственники. Ни одного чужого или сомнительного слова здесь не будет. Речь пойдёт об Ахмате-Хаджи Кадырове, пусть будет им доволен Всевышний Аллах, Первом Президенте Чеченской Республики, заложившего фундамент нынешних трудовых и социальных достижений чеченского народа, удостоенного высокого звания Героя России за реальные дела, направленные на прекращение долгой и кровопролитной братоубийственной войны, которая шла на благодатной чеченской земле, создание основ современной государственности ЧР.

Основой жизненных, трудовых и управленческих достижений досточтимого Ахмата-Хаджи Кадырова, как мне кажется, является глубокая религиозность, которой наделил его Всевышний Аллах с самого рождения, богатый багаж знаний, который он приобрёл, несмотря на все трудности жизни в советскую эпоху, успешно окончив Исламский институт в Ташкенте, за личное мужество, позволившее ему принять тяжёлое решение в момент, когда над родным народом нависла опасность самоуничтожения, и простая жизненная мудрость, приобретённая им на основе анализа истории чеченцев и других народов Кавказа. Все это происходило перед глазами тех, кто был способен различать доброе и позитивное в хаосе гражданской войны. И пусть Всевышний Аллах сполна воздаст ему за все его добрые дела.

Со страхом в сердце и слезами на глазах смотрели мои родственники, а также соплеменники-андийцы кадры документальной кинохроники, посвященной агрессии международных террористов в отношении народов Северного Кавказа, и в первую очередь - чеченского народа, когда ни один человек не был застрахован от опасности бессмысленной смерти, физического увечья и циничного ограбления во время так называемых чеченских войн.



А ведь за полвека до этого, в 1944 году, братья-чеченцы в страшную февральскую стужу в течении одних суток были депортированы с родных земель, аулов и домов. Их погрузили в товарные вагоны и вывезли в суровые степи Сибири и Средней Азии, где и в пути следования, и в течение первых месяцев «обустройства» огромная часть народа пала в результате бесчеловечных экспериментов и безучастного «руководства» большевиков в отношении гражданского населения «провинившихся» народов России.

И сегодня, даже по происшествие тридцати лет, слёзы текут у меня, как вспомню жуткие картины тех документальных фильмов, рассказывающих о событиях 40-ых и 90-ых годов прошлого века.

И возникает вопрос: в чём провинились перед властью чеченцы, ингуши и другие депортированные народы? Как рассказывали в детстве старшие и знающие (грамотные) люди, уже почти в конце войны, все «провинившиеся» народы были депортированы и брошены на выживание в экстремальных условиях.

Дорогие братья по вере!

В начале 90-х годов прошлого века, в условиях необъявленной войны, когда «все воевали против всех», незабвенный Ахмат-Хаджи Кадыров был муфтием Чечни. И он, как настоящий патриот и духовный лидер, был с родным народом.

Но, анализируя прошлую историю и хаотичное состояние той эпохи, когда за подачки олигархов и «транши» зарубежных спонсоров многие полевые командиры и местечковые «вожаки» всех уровней готовы были не только продаться, но и поступиться собственной честью. И в этих трагических условиях Ахмат-Хаджи понял простую истину: путь войны ведет не к вожделенному суверенитету и свободе, а к самоубийству родного народа. Согласимся, наверное, нелегко было ему понять это и принять судьбоносное решение.

Но он его принял: только в составе России, только прекращение бессмысленной войны позволит чеченскому народу не только физически выжить, но и занять достойное место среди братских народов великой Родины.

Одно дело принять решение, но совсем другое практически его претворить в жизнь. Именно в 1998 году, когда официальная власть принадлежала третьему президенту Ичкерии Аслану Масхадову, а на местах «царствовали» Басаев, Удугов и другие «царьки», Ахмат-Хаджи Кадыров открыто объявил о своем решении и, несмотря на смертельную опасность, повёл родной народ по единственно верному пути.

И слава Всевышнему Аллаху за то, что мечты и желания Ахмата-Хаджи Кадырова исполнились.

Уважаемые братья по вере!

Грамотные и знающие люди из числа чеченцев не раз говорили мне: «Благодаря мудрости и целеустремлённой деятельности Ахмата-Хаджи Кадырова, да будет им доволен Аллах, в качестве муфтия и на должности Первого Президента ЧР, мужественный и трудолюбивый чеченский народ не только физически выжил, но и проявил свои лучшие качества: мужество, трудолюбие и созидательный талант. Иначе чеченцы потеряли бы значительную часть мужского населения и превратились бы в разрозненные группы населения, обитаемые по месту бывших населенных пунктов.

Дорогие братья по вере!

Пусть Всевышний Аллах сполна воздаст незабвенному Ахмату–Хаджи Кадырову за все его добрые и богоугодные дела.

Я же со своей стороны хочу подчеркнуть, что основой всех достижений, благородных и богоугодных дел Ахмата-Хаджи Кадырова была вера во Всевышнего Аллаха, следование Священному Корану и сунне Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) и преданная любовь к родному чеченскому народу.

Да будет доволен им Аллах.

Дорогие братья по вере! Я хорошо помню кинохронику о положении дел в Чечне в 1998 году («Грозные тени прошлого»). Она была повторена в 17 часов 10 мая 2020 года.

Шло большое совещание, на котором присутствовали «большие» начальники. Среди них в качестве муфтия Ичкерии присутствовал и Ахмат-Хаджи Кадыров. По его резким репликам и независимому виду было понятно, что духовный лидер чеченского народа абсолютно не был согласен с боевой риторикой «сильных чеченского мира».

И Ахмат-Хаджи Кадыров, да будет доволен им Аллах, после этого совещания принял то судьбоносное для чеченского народа решение и выступил против войны. Этому способствовали его глубокие исламские знания, твёрдый и мужественный характер, а также понимание сути происходящих событий не только в Чечне, но и на Северном Кавказе и в России в целом.

Поэтому, мои молодые братья по вере, вы не удивляйтесь лозунгу: «Ахмат-сила». Именно сила воли и глубокое убеждение в своей правоте позволили Ахмату-Хаджи Кадырову выбрать дорогу к миру на родной земле.

Дорогие братья по вере!

Если мы являемся добропорядочными мусульманами и патриотами родной земли, то мы попросим Всевышнего Аллаха, чтобы Он возвеличил даража Ахмата-Хаджи Кадырова, и в судный день станем свидетелями того, что Ахмат-Хаджи был праведным муслимом и жизнь отдал за счастье и освобождение чеченского народа.

Мы, старшее поколение, хорошо помним времена, когда на чеченской земле повсеместно были распространены грабеж, убийства, насилие. И как только Ахмат-Хаджи Кадыров стал государственным руководителем Чечни, все стало меняться в лучшую сторону. И изменилось до неузнаваемости!

Уважаемые братья-чеченцы!

Я сердечно приветствую и убедительно прошу вас: не забывайте про духовный и гражданский подвиг Ахмата-Хаджи Кадырова, ходатайствуйте (дуъа) перед Всевышним Аллахом, чтобы Он для души Первого Президента Чеченской Республики настежь открыл все восемь ворот Вожделенного рая.

Да будет так.

Амин!

ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

### 2-гIа агIо

#### БУОБЕРО ДИНА ШАФАIАТ

«Хьалхалерчу нахах цхьамма дийцина...

Йуьхьанца чIогIа харцахьа лелаш, къаьркъа муьйлуш вара со. ТIаккха цхьана дийнахь къен-миска кIант гира суна, буобер хиллера иза. Со волчу дIавигна, йаахIума йаийна, тIе-кога дуьйхина, лийчийтина, дас шен кIентан санна, кхин а чIогIа лерам бира ас цуьнан. Цул тIаьхьа, буьйса тIейеъча, дIавижира со. ТIаккха, гIенах Къематде хIоьттина, со хьесап дан тIекхойкхуш гира суна. Iеса лелла хиларна со жоьжахати чу вахийта омра дира. Со дIавуьгуш Iазапан маликаш дара. Церан карахь хIумма а йоцург хилла, сийсаз вара со. Цара текхош жоьжахати чу хьош волуш, тхуна некъ къовлуш и буобер дуьхьалделира. Цо элира: «Iадвитийша хIара, хIай Делан маликаш, сайн Деле иза воьхуш шафаIат дайтийша соьга, баккъал а, суна дика хилла, сан лерам бина вар-кха иза». Маликаша элира: «Iадвита аьлла, омра ца дина тхоьга». ТIаккха Лекха волчу Делехьара кхайкхам хезира: «Iадвита иза, буоберо шена дика хиларна иза воьхуш динчу шафаIатна жоп делла Ас»...»

### 3-гIа агIо

#### МЕЖИЕВ О ПРЕДОПРЕДЕЛЕНИИ: «ТО, ЧТО ПРЕДНАЗНАЧЕНО ТЕБЕ СВЫШЕ, НЕПРЕМЕННО К ТЕБЕ ПРИДЁТ»

«***Советник Главы Чеченской Республики, Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев обратился к мусульманам с наставлением о духовном очищении и истинных ценностях в жизни. В своей проповеди он предупредил о губительном влиянии негативных чувств на душу и здоровье человека, а также указал на единственный критерий истинного превосходства перед Всевышним.***

***«Не держите в сердце вражду и зависть — они омрачают душу, отравляют мысли, вредят здоровью и разрушают семью. То, что предназначено тебе свыше, непременно к тебе придёт. Удел, определённый волей Аллаха, не достанется другому», — подчеркнул муфтий.***

Межиев напомнил, что ценность человека определяется не социальным статусом или материальным положением, а искренней верой и богобоязненностью. Он указал, что вера в Единого Бога является истинным богатством каждого мусульманина.

***«Ты не должен быть руководителем, ездить на дорогой машине, быть богатым или, напротив, бедным, чтобы быть ценным перед Всевышним. Ничто из этого не возвышает человека, кроме одного - богобоязненности. Если в сердце твоём живёт страх перед Аллахом — ты возвышен», — отметил Советник Главы ЧР***...»

### 4-гIа агIо

#### МУДРАЯ ПРИТЧА О ЛЮБВИ К РОДИТЕЛЯМ

«В далеком селении, окруженном песчаными дюнами, жил юноша по имени Харун. Он был известен своей преданностью Аллаху и заботой о своей матери Умму Саламе, чьи глаза уже затуманились от старости, а руки дрожали от слабости.

Каждое утро Харун приносил ей свежую воду из далёкого источника, готовил скромный обед и читал аяты Благородного Корана, чтобы её душа находила покой. Люди в селении шептались: «Харун – благословенный сын, его сердце – как светильник в ночи».

Однажды в селение пришел таинственный странник, закутанный в черный плащ. Его звали шейх Ибрахим, и говорили, что он видит сердца людей, словно раскрытые книги. Он услышал о Харуне и решил испытать его.

Подойдя к юноше, шейх сказал: «Харун, я знаю о твоей любви к матери. Но скажи, если Аллах испытает тебя, останется ли твоя преданность непоколебимой?».

Харун, склонив голову, ответил: «Аллах повелел нам почитать родителей. В Священном Коране сказано: «И твой Господь предписал вам не поклоняться никому, кроме Него, и быть добрым к своим родителям. Если один из них или оба достигнут рядом с тобой старости, то не говори им: «Уф!» — не кричи на них и говори с ними уважительно» (Аль-Исра, 23). Я следую Его воле, и ничто не заставит меня забыть долг перед матерью»...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

## БУОБЕРО ДИНА ШАФАIАТ

Хьалхалерчу нахах цхьамма дийцина...

Йуьхьанца чIогIа харцахьа лелаш, къаьркъа муьйлуш вара со. ТIаккха цхьана диййнахь къен-миска кIант гира суна, буобер хиллера иза. Со волчу дIавигна, йаахIума йаийна, тIе-кога дуьйхина, лийчийтина, дас шен кIентан санна, кхин а чIогIа лерам бира ас цуьнан. Цул тIаьхьа, буьйса тIейеъча, дIавижира со. ТIаккха, гIенах Къематде хIоьттина, со хьесап дан тIекхойкхуш гира суна. Iеса лелла хиларна со жоьжахати



чу вахийта омра дира. Со дIавуьгуш Iазапан маликаш дара. Церан карахь хIумма а йоцург хилла, сийсаз вара со. Цара текхош жоьжахати чу хьош волуш, тхуна некъ къовлуш и буобер дуьхьалделира. Цо элира: «Iадвитийша хIара, хIай Делан маликаш, сайн Деле иза воьхуш шафаIат дайтийша соьга, баккъал а, суна дика хилла, сан лерам бина вархка иза». Маликаша элира: «Iадвита аьлла, омра ца дина тхоьга». ТIаккха Лекха волчу Делехьара кхайкхам хезира: «Iадвита иза, буоберо шена дика хиларна иза воьхуш динчу шафаIатна жоп делла Ас».

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «ХIусамех уггар диканиг шена чохь дика дола деш буобер дерг йу. ХIусамех уггар вониг шена чохь гIело йеш буобер дерг йу. Лекха волчу Делан лайх уггар Цунна дукхавезнарг буоберана а, йисина Iаш йолчу зудчунна а гIо динарг ву».

Лекха волчу Дала Шена дукхабезачех Дойла вай! Амин, вальхьамду лиллахIи Раббиль-Iаламийн.

## САГIА ДЕХАР – СИЙСАЗВАЛАР



Фарз закатан а, мелан сагIин а дозалла хууш ду. ДIалуш верг сийлахь ву. ДIайелла хIума, Дала мукъ лахь, Далла гергахь карор йолуш йу, мийзан-терзан тIехь йеза хир йолуш йу. Бакъду, йоьхуш верг луш волчух хоттавелла велахь а, йехар мелехь дац, йа йоьхуш верг сийлахь вац. Мелхо а, сагIа дехар хьарам ду, и хьарам деш долу дийцарш бусалба динехь дукха ду. Йоьхуш волчунна ма ло бохург дац иза. Йоьхуш верг говрахь веанехь а йуха ма тоха; йоьхуш верг, йаьгна йолу уьстагIан берг лой а, йалаза ма вита, бохуш долу хьадисаш долуш ду. Делахь а, гIуллакхан дуьхе кхиъча, йехар хьарам ду, цаторийла хилча бен, йа цунна гергга йолу хьашто хилча бен, магош дац.

ХIума йехар хьарам ду шеца хьарамло йолу кхо хIума цуьнца долу дела.

Хьалхарниг. Лекха волчу Далла арз дар ду. Делан ниIмат шена тIехь кIезиг ду бохуш, ша санна болчу нахе Дела валхор ду иза. ТIехкъинхетаме верг къинхетам боцчаьрга валхор ду. Рицкъанаш декънарг АллахI ву. Цунна дика хаьа, хьанна мел дала деза. СагIа деха ваханчу лено шен эла сийсазварх терра, Дела сийсазвар ду Цо кхоьллинчех цхьаьнга хIума йехар. Цундела ду Дела воцчуьнга хIума йехар хьарам. Мацалла, ца ваьлла къейелла хIума йаа магарх терра, цаторийла хилча бен, шарIо магош дац иза.

ШолгIаниг. Лекха волу Дела воцчунна хьалха хьаставалар ду. АллахIах тешаш верг Цунна хьалха бен хьаставала йиш йолуш вац. Мелхо а, Цунна хьалха хьаставала декхарийлахь ву. Шен Далла хьалха хьаставаларехь лена сийлалла йу. Кхидолу халкъ – уьш и санна Делан леш бу, царна хьалха, вай лакхахь маллара, чIогIа цаторийла хилча бен, мацалла валарна кхерам хилча бен, хIума йехна, хьаставала мегаш дац.

КхоалгIаниг. Йоьхуш волчо кхечунна зен дар, цо иза холчухIоттор ду. Цо тIаьхьара ца волий йоккхуш йерг, луш волчо, дуккхаьолахь, резавоцуш луш хуьлу. Резавоцуш, эхьхетарна йа рийаана (гайтамна) цо сагIа лахь, схьаэца хьарам ду иза. Шен сагIа дала таро йоццушехь делча, зен хуьлу цунна, ца делча, бIаьрмециг вели-кх ша, сийсаза хили-кх ша олий, цатам хуьлу. И холчухIоттийнарг йоьхуш верг ву. Сийлахь долчу Делан динехь Исламехь цхьа а холчухIотто а, цхьанна а зен дан а магийна дац. Нахе хIума йехар, чIогIа цаторийла йолуш иза дацахь, йа шен хьакъ схьадехар дацахь, хьарам ду, боьха гIуллакх а ду, кхидолчу боьхачу гIуллакхийн могIарехь долу.

Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хьадисехь: «Шен цаторийла йоццушехь, гулдархьама, сагIа доьхуш верг жоьжахатин цIе гулйеш ву», – аьлла ду. ЦIарца Iазап дийр ду цунна, бохург ду иза.

Иштта шен хьашто йоццушехь сагIадехар – иза шен йуьхь сийсазйеш, цу тIехь томмагIа даккхар ду, аьлла хьадисехь. И санна верг Къематдийнахь, и боьха болх бахьана долуш, сийсазхилла, йуьхьа тIехь дилханах хIума доцуш, махьшар-майдане валор ву а, аьлла.

Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цхьана тобане ша иймандиллийтинчул тIаьхьа, царна шен омра къобалдар а, Далла муьтIахь хилар а тIедожийначул тIаьхьа, къайлаха олуш хилла: «Нахе хIумма а ма йехалаш». (Муслим)

Делан салам хиларо, дехарш дарх ларлолаш, дукха баьхна. Цо аьлла: «Вайга йоьхуш волчунна вай лур йу, йоьхуш воцучунна Дала кхачо йийр йу. Йоьхуш воцург вайна дукхавезаш ву». (Ибн Абид-дунъя, аль-Хьарис бин Аби Усамат)

Иштта, Делан салам хиларо аьлла: «Нахехь хьашто йоцуш хилалаш, дехар кIезиг мел хили а дика ду шуна».

Цара аьлла: «Ткъа хьоьгахь, хIай АллахIан Элча?»

«Соьгахь а», – жоп делла Элчано. (Баззар, ТIабарани)

Iумарна (Дела реза хуьлда цунна) малх чубуьзначул тIаьхьа цхьамма сагIа доьхуш хезна. ТIаккха цо шена гонаха болчарах цхьаьнга, пхьор ло цунна, аьлла. Цо цунна пхьор делла. Цул тIаьхьа йуха а хезна сагIа доьхуш верг. Iумара аьлла: «Ас хьоьга, цунна пхьор ло, ца аьлла?»

Цо аьлла: «Ас пхьор делла цунна». ТIаккха дIахьаьжча Iумарна йоьхуш волчун карахь кхачанах буьззина тIоьрмиг гина. Цо аьлла: «Хьо сагIадоьхург вац, хьо совдегар ву». Iумара (Дела реза хуьлда цунна) тIоьрмиг схьа а эцна, сагIина йустош йолчу эмкална хьалха охьабассийна. ТIаккха цо оцу стагана шед тоьхна: «Доза хаа, тIех ма вала», – аьлла. ХIокху дийцарх лууш дерг сагIа доьхуш волчуьнгара хIума схьайаккхар дац, цунна тохар-м – муххале а. Кхузахь кхето лууш дерг, гуттар цаторийла хилча бен, сагIа деха мегаш цахилар ду, доьхуш хилча а, хIаллакьхиларан кхерам дIабаккхал бен, цадехар ду. Амма Iумара динарг (Дела реза хуьлда цунна) и ша ду. Делан дин а, Делан леш а дика бевзаш хилла иза. Дика а, вон а къасто хууш, ШарIан да хилла. Цу тIехь Элчано а (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хастийна ву Iумар. Цо аьлла: «Шул хьалхарчу умматашлахь а хилла (Дала) кхетам луш нах, сан умматехь цхьаъ велахь, баккъал а, иза Iумар ву». (Бухари, Муслим)

Iумара цунна тоьхнарг, ша бусалбанийн къеда волу дела, хьарам долчух и ларвархьама, сацорхьама тоьхна йу. Цуьнгара схьайаьккхинарг – и цуьнан долахь йоцу дела, шегахь оццул хьашто йоццушехь, цо харцонца гулйина йолу дела, схьайаьккхина. Цо гулйинарг эмкална хьалха йохкар – иза йолчаьрга йухайерзор тарлуш доцу дела, дикачу новкъа хьовзор ду, сагIина хьажийна йолу эмкал йусторехь бусалбанийн йукъараллина пайда бу.

Вай лакхахь дийцинчух схьадолу жамI – хьашто йолуш бен, дехар мегаш цахилар ду. Хьаштоне диллича дехар деа тайпана хуьлу: ца ваьлла дехар, хьашто йоццушехь дехар, чIогIа хьашто йолуш дехар, кIезиг хьашто йолуш дехар.

Ца ваьлла дехар – иза мецачо ша валарна, йа цомгаш хиларна кхоьруш деш долу дехар ду, йа верзина висначо шен дегI хьулдархьама деш дерг. ХIара дехар бакъо йолуш ду, доьхуш верг шена кхачо йан аьтто йа гIора доцуш велахь, луш верг реза а велахь.

Хьашто йоццушехь дехар – иза цхьа хIума йехар ду, и санна йерг шегахь йоллушехь. Иштта долу дехар, шеко йоцуш, хьарам ду.

ЧIогIа хьашто йолуш дехар – иза молханашкахь хьашто йолуш волчу лазархочун дехар ду. ТIехьаьжча гуш хIума дацахь а, шен могашаллех кхоьруш ву иза. Йа чухула йуха коч йоцуш, Iай, шуьйра пхьош, хьалхахь ходана (разрез) а долуш тIехула йухучу бедарца виснарг ву. Ца ваьлла хьал дацахь а, цаторийла йу цуьнгахь, шелоно зен дийр ду цунна.

Иштта ву мехах ша дIавигийта хьашто йолуш волу халла бен вола ца луш волу заьIапхо а. Цунна а магадо дехар дан. Билггал хьашто йу цуьнгахь. Делахь а сатохар гIоле ду цунна. Цуьнан дехар карахIат ца лору, шен дехарехь иза бакълуьйш велахь.

ХIокху декъехь вай хьахийнарш, шайн дехарехь уьш бакълуьйш белахь, бакълер церан дехарна каффарат (къинах цIанвийриг) хир ду, Дала мукъ лахь.

КIезиг хьашто йолуш дехар – иза бедаран эттIа йолу меттигаш хьулйархьама цунна тIехула йуха бедар йехар санна дерг ду. Йа даа бепиг доллушехь, цуьнца цхьаьна даа берам-гIетакх дехар ду. Йа вир тIехь новкъавала аьтто боллушехь, говрах дала ахча дехар. ХIокху заманахь – маршрутки тIехь дIаваха йиш йоллушехь, таксих дIадала ахча дехар, масала, оццул а шегахь хьашто йоццушехь, йу аьлла, дехар дар хьарам ду.

Оццул хьашто шегахь хилча а, дехарехь хьарам долчу кхаа хIуманах (арз дар, хьаставалар, дехарца адам холчухIоттор) цхьаъ делахь дехар хьарам хуьлу.

И кхо хIума шеца доцуш дехар хила йиш йан а йуй-те аьлла, хаттар кхоллало. Хила йиш йу. Арз дар Далла шукар дарца а, суна хIумма а оьшуш йац бохуш долчуьнца а гучудаккха йиш йу. «Дала сайна делларг тоьаш ду суна, делахь а хIокхунна тIехула йуха цхьа бедар хилча дика-м хир дара», – алар, масала. Иза цIена арз дар дацахь а, хьаштонел тIех дерг ду. Иштта къамелаш деш верг синхьийзаме а, кIордош а стаг ву.

Хьаставалар доцуш хила а йиш йу дехар. Иза шен дега, йа гергарчуьнга, йа доттагIчуьнга хIума йехар ду, ша царна хьалха сийсаз хир воций хууш, уьш шех ца бешаш хир боций хууш. Йа ишттачу меттехь йала хIума а кечйина Iаш волчу хьоладега дина дехар ду, шега дехча хаза а хетар долуш, шегара схьаэцча реза а хир волуш волчу. Ишттачу дехарехь сийсазалла йац.

Цхьа а холчухIоттор доцуш хила а йиш йу дехар – иза, цхьа а билгал ца воккхуш, йукъардарца дина дехар ду, даггара резаволчунна дала меттиг йуьтуш долу. Бакъду, царна йукъахь ца йелча шена хIума аларна кхоьруш волу кура стаг велахь, тIаккха и дехар шеца хьарамло йолуш хир ду, цхьаъ холчухIоттор цуьнца долу дела.

Хьекъалчаша аьлла: йехар – бедаран тIехуле хилча, йалийта хIума лелор – бедаран чухуле йу. И шиъ ший а йехар ду бохург ду цуьнан маьIна.

Лекха волчу Дала бен дала йиш йоцуш дерг: рицкъ дарба, гечдар, къинхетам бар и. д. кх. И воцчуьнга дехарх вай Дала лардойла! Нахана йукъахь, Iадатехь, лелаш долчух аьлча, шайн аьтто болчу хIуманна тIехь вовшийн гIо дар, масала, ханна хIума йехар, йухалург дехар, нисвар дехар, кхарех тера дерш а – уьш къилахь дац.

*С.Б. Муртазаеван «Фарз закат а, мелан сагIа а» кинжки тIера*

## НАШИ ГЕРОИ

### АЛСУЛТАНОВ ИБРАГИМ (1976 – 2005)




Алсултанов Ибрагим Гацаевич родился 20 ноября 1976 года в селе Галайты Ножай-Юртовского района в большой и уважаемой семье. У Ибрагима было четверо братьев и две сестры. Его школьные годы прошли в родовом селе.

В 1996 году Ибрагим женился, стал отцом четверых детей.

К работе в правоохранительных органах приступил в начале 2000-х годов – в самое страшное время, когда от рук бесчинствующих бандитов страдали мирные граждане.

По словам друзей и коллег, Ибрагим был образцом чести и достоинства. Был честным, принципиальным и дисциплинированным сотрудником, пользовался всеобщим уважением и доверием, с ответственностью подходил к любым поручениям, участвовал в первых рядах в спецоперациях по уничтожению членов бандформирований.

11 июня 2005 года Алсултанов Ибрагим героически погиб при проведении оперативно-розыскных мероприятий в лесном массиве Ножай-Юртовского района Чеченской Республики.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

## ХУУР ДУ ХЬУНА...

Бусалба охIланах кхоьллина хьо волу
Ша цхьаъ веш, Элча бакъвелахь ва баьхна.
Хьох къайле ва йина, хьо кхалхон ва волу,
Хьайн Дела вицви ахь – хуур ду хьуна.

БIаьргаца, лергаца, ког-куьг хьан нисдина,
Могашаллин совгIатна хIара дуьне хаздина,
Дуьненан рицкъана йукъара ва хилла,
Хьайн Дела вицви ахь – хуур ду хьуна.

Шен парзаш ахь кхачдар хьун тIе диллина,
Дай, наний ва дезаш, лералахь, ва баьхна,
Уьш реза барца бен, гечдийр дац ва баьхна,
Делан дош дицди ахь – хуур ду хьуна.

Кхоьллинчу вайн Деле хьо шайна вехча,
Къанделча, тишделча, Iалашдан везна,
Шаьш делча, дIадерзон йахь йолуш везна,
Дай, наний дицди ахь – хуур ду хьуна.

Дуьненчу ваьлчахьана, хьох воккхавийна,
«Сан деган стом» бохуш, шен даг чохь хьистина.
Шен бIаьрган нур санна, хьо дукха везна,
Хьайн Дада вицви ахь – хуур ду хьуна.

Исс баттахь шен кийрахь хьо хала лелийна,
Дуьненчу ваьлчахьана, ахь дукха хьийзина,
Шен дегIан са санна, хьо дукха везна,
Хьайн Нана йелхий ахь – хуур ду хьуна.

Ийманан гIиллакхаш шаьш хьуна хьехна,
Ламазций, мархиций нисвалар лехна,
Эхартан Iазапах хьо ларван лиъна,
Дай, наний делхий ахь – хуур ду хьуна.

Шаьш шайна кхоийна, мерзаниг даийна,
Нийсарел тоьллариг ахь йуха ва лиъна,
ГIелвелла хьо вайча, дог доьлхуш лелла,
Дай, наний делхий ахь – хуур ду хьуна.

Дай, наний чехадеш, йуьхьIаьржа хIиттош,
Шаьш санна болчарех и шиъ а хьегош,
Дел, ненал хьомсара хьайн зуда лоруш,
Церан дог дохий ахь – хуур ду хьуна.

Бакъ долу дай, наний - харц дина хьизош,
Хьайн зуда бакъйина, и хьайха кхардош,
ДоттагIий, лулахой тIаьхьашха белош,
Осала лийли хьо – хуур ду хьуна.

Къинхетамен шен бIаьргаш мел-хица белхош,
Набар-тар дIатоьттуш, кхиийна нана,
Хестаме эшарца хьан ага техкош.
Ма атта йицйи ахь – хуур ду хьуна.

Ваханчохь хьевелча, тоха са доцуш,
ЦIа варе сатуьйсуш, дегнаш бIарзделла,
Баланехь даллийна хьайн цхьаъ бен доцу,
Дай, наний дицди ахь – хуур ду хьуна.

Вайн Делан ва кхиэле вирзина ваьлча,
Цу Делан ва Iедал барт хетта доьлча,
Дех, ненах дерг хоьттуш, хьо хьийзо волийча,
Байттамал, пайда бац – хуур ду хьуна.

Шен парзаш, суннаташ кхочушдеш леллехь а,
Дай, наний резадеш, хьо хилла вацахь,
Делан дош чIогIа ду – гечдац ша аьлла.
Дакъаза ца вала – ойла йеш хила.

Дай, наний ва хьастий, къинтIерадаккхий,
Летийначу къиношна хьо дохковалий,
Кхоьллинчу вайн Деле хьо нисвар дехий,
Валарна кечлохьа – карор ду хьуна.

*Умаров Султан, Жима-АтагIа*

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ОБЪЯВЛЕН ПЕРЕЧЕНЬ ЗАБОЛЕВАНИЙ, ПРЕПЯТСТВУЮЩИХ УЧАСТИЮ В ХАДЖЕ

**МИНИСТЕРСТВО ХАДЖА И УМРЫ КОРОЛЕВСТВА САУДОВСКАЯ АРАВИЯ ОФИЦИАЛЬНО УВЕДОМИЛО, ЧТО ОФОРМЛЕНИЕ ВИЗ ДЛЯ УЧАСТИЯ В ХАДЖЕ БУДЕТ ВОЗМОЖНЫМ ИСКЛЮЧИТЕЛЬНО ПРИ НАЛИЧИИ У ПАЛОМНИКА СПЕЦИАЛЬНОГО МЕДИЦИНСКОГО ДОКУМЕНТА. СООБЩАЕТСЯ, ЧТО К ПАЛОМНИЧЕСТВУ НЕ БУДУТ ДОПУЩЕНЫ ЛИЦА, СТРАДАЮЩИЕ РЯДОМ СЕРЬЕЗНЫХ ЗАБОЛЕВАНИЙ.**



Министерство хаджа и умры Королевства Саудовская Аравия официально уведомило, что оформление виз для участия в хадже будет возможным исключительно при наличии у паломника специального медицинского документа. Сообщается, что к паломничеству не будут допущены лица, страдающие рядом серьезных заболеваний. В том числе: почечная недостаточность, требующая диализа; сердечная недостаточность, проявляющаяся даже при минимальной физической нагрузке; хронические болезни лёгких, требующие периодического или постоянного использования кислорода; цирроз печени в тяжёлой стадии с признаками печёночной недостаточности; тяжёлые психические и неврологические расстройства, нарушающие ориентацию и движение; старческая деменция. Также ограничение касается женщин с беременностью в последние три месяца и любой беременностью с высоким риском, а также лиц с активными инфекционными заболеваниями, включая открытую форму туберкулёза и геморрагические лихорадки, и пациентов с активными онкологическими заболеваниями, проходящими химиотерапию или иные иммуносупрессивные процедуры. Требуется предоставить подтверждение о медицинской пригодности, выданное через официальную платформу «Nusuk Masar». Данная мера, как подчеркивается в обращении, направлена на обеспечение безопасности и сохранение здоровья всех участников массового паломничества. Необходимо официально подтверждать отсутствие заболеваний, которые несовместимы с физической способностью к выполнению обрядов. Без прохождения этого обязательного медицинского освидетельствования и получения соответствующего заключения оформление визы для участия в хадже станет невозможным.

*ТРК «Путь»*

# МЕЖИЕВ О ПРЕДОПРЕДЕЛЕНИИ: «ТО, ЧТО ПРЕДНАЗНАЧЕНО ТЕБЕ СВЫШЕ, НЕПРЕМЕННО К ТЕБЕ ПРИДЁТ»

***Советник Главы Чеченской Республики, Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев обратился к мусульманам с наставлением о духовном очищении и истинных ценностях в жизни. В своей проповеди он предупредил о губительном влиянии негативных чувств на душу и здоровье человека, а также указал на единственный критерий истинного превосходства перед Всевышним.***

***«Не держите в сердце вражду и зависть — они омрачают душу, отравляют мысли, вредят здоровью и разрушают семью. То, что предназначено тебе свыше, непременно к тебе придёт. Удел, определённый волей Аллаха, не достанется другому», — подчеркнул муфтий.***

Межиев напомнил, что ценность человека определяется не социальным статусом или материальным положением, а искренней верой и богобоязненностью. Он указал, что вера в Единого Бога является истинным богатством каждого мусульманина.

***«Ты не должен быть руководителем, ездить на дорогой машине, быть богатым или, напротив, бедным, чтобы быть ценным перед Всевышним. Ничто из этого не возвышает человека, кроме одного - богобоязненности. Если в сердце твоём живёт страх перед Аллахом — ты возвышен», — отметил Советник Главы ЧР.***

Особое внимание муфтий уделил трем ключевым аспектам духовной жизни, определяющим благополучие верующего. Он призвал не пренебрегать никакими видами поклонения, избегать даже малых грехов и проявлять уважение к другим мусульманам.

***«Гнев Аллаха сокрыт в наших грехах. Речь идёт даже о малых запретных поступках, к которым мы относимся легкомысленно. Опасность может исходить от притеснения мусульман. Не обманывай, не унижай и не причиняй зла верующим — среди них может быть тот, кого любит Аллах», — дополнил Межиев.***

В заключение Салах-Хаджи Межиев напомнил о строгом запрете Ислама на посягательство на жизнь, достоинство и имущество братьев по вере, призвав верующих к взаимному уважению и богобоязненности во всех сферах жизни.

*ИА«Грозный-информ»*



# НУСКАЛ ДАЛОР

- Вайн халкъан гІиллакхийн хазнашна йукъахь къаьсттана мехала а, оццу хенахь экаме а ду зуда йалоран гІиллакхаш. ХІунда аьлча, керла доьзал кхоллабаларца доьзна ду уьш. Шаьшшиннан дахаран некъаш цхьаьнатоха сацам хиллачу йоьІан а, кІентан а йукъаметтигаш чІогІа экаме хуьлуш йу. И йукъаметтигаш тойеш, хазйеш, аьхна йеш нийса накъостий а, гергарнаш а хила беза церан. Маггане а мегар дац дийцина, дина даьллачу захалонна новкъарло хир йолу хІума дийца. «Эларий», «бахарий» ца лало къона зІийдиг таса гІертачу гергарлоне.

Муьлхха а захало йоІ маре йахарца, кІанта зуда йалорца доьрзуш хаза ду. Иштта хила а деза. Вайн гІиллакхашца йоІа хан йуьллуш ду. Йиллина хан тІекхачале кІанта шен цІерачаьрга а, йоІа шен цІерачаьрга а хаийта деза, шайн къайле йаста йеза, - дуьйцура Воккха-Дадас шена дуьхьал хиъна Іаш волчу Бексолте. Иза дийцар шен метта а дара.

Кхиъна ваьлла кІант вара цуьнан. Иза зуда йало лууш ву, йоІе хан йиллийта дагахь ву бохуш дийцинера цунна хІусамнанас. Оцу хьолехь ша хІун дича бакъахьа ду аьлла хатта, цунах дерг шена хьехийта веанера иза Воккха-Дада волчу. Цундела, дайн Іадаташца, гІиллакхашца догІуш дерг а, доцург а дуьйцура цо.

- Бакъахьа хир ду гІуллакх, хан а йиллина, йалорний, йигарний тІедалале и йоІ хьенан, мила йу хьаьжча, царна шаьш а довзийтича. Йа хьо гІо, йа хьан ваша, хьайн хІусамненаца оцу нахе вахийта, царна жимма совгІатана-сагІина хІума а хьош, шаьш а довзуьйтуш, шайн кегийчеран йукъаметтиг а хьахош.

Шайн амалш цхьаьна йогІур йу-йац а хуур ду шуна. Уьш а бевзар бу, шаьш а довзуьйтур ду. «Тхуна ца хаьарий, тхуна хиънехь...» бохург дІадер ду. ТІаккха йоІана цара а, аш шайн кІантана а паргІато лур йу гергарлонан маша буоза, хан йиллийта, йалор-йигарх дерг дийца...



Йиллина хан тІекхаьчча, шеца цхьаьна нус, йа йиша, зударех милла а цхьаъ йолуш, шен хІусамера арайер йу йоІ. Уьш арабоьвла ларбеш зуда йалочун гергара йоІ а, кІант а хуьлу. Нускал арадаькkхинчунна кара совгІатана хІума а кховдайой, АллахІан йеза цІе йоккхуш, «Бисмилла» а олий: «Тахана дуьненахь, кхана догІу долчу Къематан дийнахь а тховса (тахана) дуьйна сан йиша а, нус а йу-кх хьо, хІара стигаллий, латтий теш а долуш», - аьлла, арайаьллачу йоІан куьг схьалоцуш гІиллакх ду вайн. Иза аьллачунна тІедужу иза ларйар.

ХІинца-м наггахь бен хуьлуш дац нус йоссор. Йалошшехь шен марзхойн керта йалайо нус. Цуьнца а дуккха а дика агІонаш йу, хІара чолхе, сиха зама хьесапе эцча. Нус йоссоран ІалагІожаш ца йезакх тахана, иза хаза гІиллакх делахь а. Хьалха нус, дукха хьолахъ, ненаваша волчохь йоссош ара йа и йало вахана доттагІ Іаш волчу хІусаме. Доккха жоьпалла тІедужуш гІуллакх ду иза. Цул тІаьхьа мел дукха хан йаларх, уьш мел дукха бахарх царна йуккъера уьйр-безам гІелбала амал доцуш, гергара нах хила безаш бу уьш.

Зуда йалийначул тІаьхьа, иза цхьанхьа йоссийна йелахь а, йа марзхой бехачу керта схьайалийна йелахь а, хьем ца беш чекхдаккха дезаш ду там-мах барца доьзна дерг. ХІунда аьлча, зуда стеган цІартІе ца йолу мах баллалц. Делахь-хІета, вайх, бусалбанах волчу жимачу стеган (зуда йалийначун) бакъо йац ша йалийначунна йуххе ваха, ша цхаъ цуьнца цхьаьна виса мах-там чекхбаккхалц. Вайн заманахь, зуда йалошшехь марзахойн керта йалош хиларна, дуккхахболчара (зуда) йоІ маре йаха арайолучу дийнахь чекхдоккхуш ду мах-там барца доьзнарг. Йуьртарчу маьждиган имамана тІехь ду и гІуллакх чекхдаккхар.

Там хьахийначохь йоІан верасаша: «Вайна йукъахь хІинца гергарло тасаделла. Иза лардан хьовса деза вай, ваьшна товраш, темаш ца лоьхуш. ДІа-коч, схьа-коч ца бохуш, керла доьзал дІанисбан хьовсур ду вай», - аьлча гІиллакхе хир ду. ГІиллакх-гІуллакх, комаьршалла гайта киртигаш дахарехь дукха нислур йу царна.

Нохчаллех хербеллачу цхьаболчу сутарчу наха (божарша) там хьахийча, и гІуллакх зударийн кара ло. Оцо цкъа а, цхьанна а йуьхькъам ца бо. ЙоІа дина маре йохк-эцаран тІегІана доккху. Иза магийта ца деза. ХІунда аьлча, захалонан мах дуьненан дохнаца хадалуш бац!

Йалийна нус мардена гучуйоккхуш а, несана урдо билгалдоккхуш а Іадат, гІиллакх ду вайн. Хьалха урдона йуккъерчу барамехь долу бежана луш хилла. Кхо шо кхаьчна йа дуьххьара дехкина (дуьхьарг) бежана луш хилла несана. Тахана-м йукъара дІадаьллачу новкъа ду иза. Лаьмнашца йолчу цхьайолчу йарташкахь а ур-атталла урдона бежана, шинара делла олуш ца хеза. Коьртачу декъана хІинца урдона луш дерг ахча ду. Иза оцу нускалан (несан) долахь ду (ахча делахь а, бежана делахь а). Цуьнан пурбанца, лаамца бен урдона деллачунна тІекховда бакъо йац цхьаьннан а. Цунах дерг ца хьахийча ца долу хІокху къамелехь...

Вайн гІиллакхашца данне а догІуш дац нускал далош машенаш дукха гулйар, машенаш, цІе йаьлча санна, сигналаш йетташ, мох санна чехка хеххкар, царна чохь болчара осала цІогІанаш деттар, герзаш дассор. Дика болх ца бохьу цо. Вайн халкъан амалца догІуш а дац иза. Вайн амалца догІуш доцург, вайна хийра дерг лелон ца деза.

Къона шиъ вовшахкхеташ долу де оцу шинна а, церан дай-наношна а, верасашна а, йуьртана а ирсе, самукъане хилийта хьовсар вайна массарна а тІехь ду. Цундела ницкъ ма-кхоччу иза ишта хилийтарехь вайга далуш долу дика дан хьовса деза вай. Нохчийн халкъан кхин а цхьа доьзал ма бу кхоллалуш, керлачу дахарна хІу тосуш.

Дала беркате, ирсе, токхе дойла вайн къоначеран дахар. Вайн дайн оьзда гІиллакхаш лардар, иймане хь чагІдалар лойла царна Везачу АллахІа, - дерзийра шен къамел Воккха-Дадас. Бексолтин дагна боккха хьаам хилира цунах.

*Дадаев Сайд-Хьасан*

# МУДРАЯ ПРИТЧА О ЛЮБВИ К РОДИТЕЛЯМ



В далеком селении, окруженном песчаными дюнами, жил юноша по имени Харун. Он был известен своей преданностью Аллаху и заботой о своей матери Умму Саламе, чьи глаза уже затуманились от старости, а руки дрожали от слабости.

Каждое утро Харун приносил ей свежую воду из далёкого источника, готовил скромный обед и читал аяты Благородного Корана, чтобы её душа находила покой. Люди в селении шептались: «Харун – благословенный сын, его сердце – как светильник в ночи».

Однажды в селение пришел таинственный странник, закутанный в черный плащ. Его звали шейх Ибрахим, и говорили, что он видит сердца людей, словно раскрытые книги. Он услышал о Харуне и решил испытать его.

Подойдя к юноше, шейх сказал: «Харун, я знаю о твоей любви к матери. Но скажи, если Аллах испытает тебя, останется ли твоя преданность непоколебимой?».

Харун, склонив голову, ответил: «Аллах повелел нам почитать родителей. В Священном Коране сказано: «И твой Господь предписал вам не поклоняться никому, кроме Него, и быть добрым к своим родителям. Если один из них или оба достигнут рядом с тобой старости, то не говори им: «Уф!» — не кричи на них и говори с ними уважительно» (Аль-Исра, 23). Я следую Его воле, и ничто не заставит меня забыть долг перед матерью».

Шейх Ибрахим прищурился и сказал: «Тогда вот тебе испытание. В пустыне, за тремя днями пути, спрятан сундук с золотом, о котором говорят легенды. Тот, кто найдет его, станет богаче всех в этих землях. Но твоя мать больна, и без твоей заботы она может не пережить эти дни. Что выберешь ты – богатство или долг?».

Харун замер. Золото могло исцелить их бедность, купить лекарства, построить дом, где мать не мёрзла бы по ночам. Но мысль оставить её одну, беззащитную, пронзила его сердце, как кинжал. Он поднял глаза и твердо сказал: «Пророк, мир ему и благословение, сказал: «Рай лежит у ног матерей» (хадис, переданный ан-Насаи). Моя мать – мой путь к Аллаху. Я останусь с ней».

Шейх Ибрахим молча кивнул и исчез, словно тень, растворившаяся в песке. Харун вернулся к матери, продолжая заботиться о ней с ещё большей любовью. Но на следующую ночь случилось нечто странное. Когда Харун читал Коран у ложа матери, в хижине вспыхнул яркий свет. Перед ним предстал тот же шейх Ибрахим, но теперь его лицо сияло, а плащ искрился, будто соткан из звезд.

Шейх сказал: «Харун, я не просто странник. Я – тот, кого Аллах послал испытать твое сердце. Ты выбрал любовь к матери, отвергнув мирские богатства. Знай, что сундук с золотом был лишь миражом, но твоя преданность – настоящее сокровище».

Шейх коснулся пола хижины, и из-под земли хлынула чистая вода, превратившая их двор в цветущий оазис. «Это дар Аллаха за твою верность. Твоя мать будет жить в достатке, а твое имя останется в веках».

С тех пор селение Харуна стало оазисом, куда стекались путники, чтобы напиться воды и услышать историю о юноше, чья любовь к матери превратила пустыню в сад. А Харун и его мать жили долго, окруженные милостью Аллаха и благодарностью людей.

Мораль притчи: любовь и почтение к родителям – это не только долг, но и ключ к благословению Аллаха. Тот, кто выбирает их благополучие, обретает не только рай в ахирате, но и чудеса в этой жизни.

***Хасан Умеров***

# ВСТРЕЧА С МУДРОСТЬЮ

Имам села провел для школьников урок духовно-нравственного воспитания

Духовно-нравственное воспитание играет ключевую роль в формировании личности ребенка, особенно в Чеченской Республике, где традиции, культура и религия имеют глубокие корни.

В условиях современного мира, когда дети сталкиваются с различными вызовами и влияниями внешней среды, важно акцентировать внимание на воспитании духовных и нравственных ценностей.

В живописном селе Чири-Юрт недавно прошла особенная встреча, которая, без сомнения, оставила глубокий след в сердцах и умах учащихся 8–9 классов. Мероприятие, организованное в рамках работы по духовно-нравственному воспитанию подрастающего поколения, собрало ребят вместе с уважаемым имамом села У. Р. Камайлаевым.

Эта беседа стала настоящим диалогом о том, что действительно важно в жизни. Имам, обладая мудростью и жизненным опытом, затронул темы, которые касаются каждого из нас. Он говорил о морали – о том, как важно быть честным, добрым и справедливым. Особое внимание было уделено уважению к старшим, ведь именно в их опыте и наставлениях кроется бесценное знание.

– Учащиеся активно задавали вопросы, которые их действительно волнуют. Такие диалоги бесценны! Они помогают задуматься о вещах, которые определяют нашу жизнь, – делится У. Камайлаев.

Не обошел стороной и вопрос получения знаний. Имам подчеркнул, что учеба – это не просто обязанность, а возможность развиваться, становиться лучше и приносить пользу обществу. Он напомнил ребятам об ответственности, которая лежит на каждом человеке – перед своей семьей, перед односельчанами, перед будущим.



Особо трогательными были слова имама о традиционных ценностях, которые так дороги народам нашей республики. Он отметил, что именно эти вековые устои, основанные на уважении, взаимопомощи и крепких семейных узах, являются тем самым прочным фундаментом, на котором строится гармоничная и счастливая личность.

***Мадина Исаева***

# БЛАГОДАРЯ ФОНДУ КАДЫРОВА К ДРЕВНЕЙ ПЕЩЕРЕ В ХАРКАРОЕ СТРОЯТ ЛЕСТНИЦУ ИЗ 1000 СТУПЕНЕЙ



Глава Веденского района Турпал-Али Абдулазизов вместе с начальником РОВД Абубакаром Борщиговым и командиром 122-го Специального моторизованного полка «Юг» Росгвардии имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова Сайди Лорсанкаевым посетили древнее село Харкарой, где ведётся строительство лестницы, ведущей к горной пещере.

Духовно значимое сооружение возводится по поручению Главы Чеченской Республики Рамзана Кадырова, данному после его недавнего визита в эти места.

Финансирование проекта осуществляет Региональный общественный фонд имени Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова.

Будущая лестница протянется на 306 метров и будет включать тысячу ступеней. Она станет не только удобным подъёмом к пещере, но и новой достопримечательностью Веденского района, способной привлечь туристов и паломников.

«Нас сопровождал уважаемый старейшина Абдулла Галбацов, который поделился воспоминаниями о значении этого места для региона. Работы продолжаются в хорошем темпе. Уверен, что совсем скоро Харкарой станет ещё одной жемчужиной внутреннего туризма Чеченской Республики», — отметил Турпал-Али Абдулазизов.

***«Грозный информ»***

## ХАТТАРШ А, ШАРИIАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

**Стаг веллачул тIаьхьа, кошахь цуьнга хоттур болчу бартах лаций дийцахьара.**

И стаг чувиллина долу лахьта дIахьулдина даьллачул тIаьхьа дуьйна схьа барт хаттар дIадолалуш ду. Цундела, оцу веллачунна вай заIам доьшучу хенахь, цуьнга само йайта, хьан Дела милу ву, хьан элча мила ву, хьан дин муьлхарниг ду бохуш, хетта доьлча, хIарра жоп лолахь бохуш, оцу веллачунна хьехам бар ду заIам дешар. Веллачунна чу са даладо Дала оцу заманчохь. Кхетамехь самавоккху и. Дуьненчохь къораволуш и веллехь а, мел долу хIума хезаш хир ву и эццахь. Каш чу цхьа гали дуьззина борц хецча, цуьнан са йан хуур долчу барамехь хьекъал лакхадоккху Цо. Эццахь барт хотту маликаш тIедогIу цунна. И барт хаттар ворхI денна чохь ду. Оццу заманчохь, цуьнан верасо, йа гергарло, йа, и ший а цуьнан вацахь, мах белла хIоттийначо, и стаг дIавуллуш, цунна заIам дешначу хенахь, цу денна тIера дуьйна схьа, йалх дийнахь заIам доьшур ду цунна. Лурвоьлла стаг шен наха, эзар стаг а хIоттийна, ларвеш хилча, паргIат дIавуьжург ма-хиллара, оцу тайппана цунна каш тIе а вахана, и барт хоттучу хене а нисдеш, Къуръан доьшуш стаг хилча, оццул паргIатваьлла хир ву боху и велларг.

**Валарна чу вирзинчу стагана уллехь, аренца йа чохь хуьлийла и, иштта хьал тIехIоьттича, хIун лело деза ца хууш верг йа цхьа жимха нисвелча, цо хьалха дан дезарг хIун ду, хIун само йан йеза цо?**

Тахана къаьсттана машенийн чеххаллица, дахардахкаран сихаллица алсам нисло баларш вайна йуккъехь. Валар а тIеIоттаделлачохь, и стаг валаволлу аьлла шена хетча, сихаллица кхойкхуш болу лоьраш кхайкхинчул тIаьхьа, уггаре а хьалха дан дезарг хIун ду аьлча, и стаг къилбехьа верзо веза, корта жимма айбина хила беза, когийн кIелонаш къилбехьа а йерзош, охьавилла веза. ТIаккха цунна гергахь Делан цIе йаккха йеза, кхидолу дуьненан къамелаш а ца деш. Леш волу стаг, садоьIучуьра ваьллехь а, цуьнан ши бIаьрг дIахьаббалц, царна чуьра са дIадаьлла ца долуш, зама жимма дIайоьду цуьнан, шена гонаха верг а вевзаш, цо дийриг а гуш. Иштташ хьолехь дуьненан хIуманна тIе ойла а йахана, цуьнан валар шайтIанан карахь ца хилийта, Делан цIе йоккхур йу. Леш волчу стагана а хозуьйтуш, ша лаилахIа иллаллахI эр ду цо, тIаьххьара цунна хезна дош Делан цIе хилийтархьама. Хууш волчо «Ясин» доьшур ду. Иштта, шен ницкъ кхочучу барамехь, терго йийр йу-кх леш волчу стагана тIе нисвеллачо.

**Веллачу стеган йисинчу бедарех, куй боцург, сагIийна йала мега олуш ду. Цунах лаций дийцахьара.**

Куй бала мегар дац бохург, иза адамаша шайгара йукъадаьккхина хIума ду. Къаьсттана, вайн халкъо куй леррина лелийна, девнна йуккъехь коьртара куй баьккхича, доккха эхь а лоруш. Вай оцу куйнан хьурмат лекха дина дела, и куй лур бац бохург, оцу хьурматна тIе а доьгIна, даьккхина хIума ду. Ткъа жайнахь бух болуш хIума дац и. Муьлхха а духар, ахь сагIийна делча, Далла гергахь лекха а хир долуш, хьан нийате хьаьжжина, хьуна йал хир йолуш ду.

**Стаг велча, цунна хьарчош долу марчо, цхьамма сагIийна делларг хьарчо мегаш дуй, йа деккъа шен ахчанах эцна хила дезаш ду и?**

Стаг веллачу нехан и дIаволла оьшуш болу кечам кхоччуш кийча бацахь, долчо марчо а делла, и дIаволлитар дика ду. Ткъа дика йухатоха аьлла дац цхьанхьа а.

Веллачун марчо шен даьхнех хила деза бохург мичара схьа ду аьлча, оцу веллачу стеган дохнна тассаруп дечу хенахь, масала, весетана и дIасахьовзочу хенахь, хьалха муьлха доккхур ду цунах аьлла, дийцича, нехан хьакъ цунна тIехь делахь, иза хьалха декхарна дIалур ду. Бухадисинчух и дIавуллур ву. Нагахь санна, цуьнан даьхни дерриге а декхарна дIахьажо дезаш делахь, марчо эццал а ца дуьсуш, тIаккха цуьнан дохна цхьа чкъор хьарчо магийна, и декхар дIадала дезаш воллушехь. Амма и чкъор кхин совдаккха мегар дац. Цу тIера схьа ду и шен даьхнех бен веллачу стагана марчо хьарчо мегар дац бохург. Ткъа сагIийна делла и хьарчадарх, цхьа а бехкам болуш хIума дац и. Йа веллачунна и бахьанехь цхьа а эшам хир болуш хIума а дац.

**Велла стаг дIавуллуш, кешнашка баьхьна куз а, гIайба а, цхьа хан йаллалц, чубахьа мегаш дац олу. Ткъа билгал цунах дерг муха ду?**

Вайн адамаша цхьацца хIума схьа а лоций, цунах Iадат а дой, дIахьо. Цхьадолчу адамашна дегаза хета садаьллачу чохь Iен а, дакъа хилла чохь буьйса йаккха а. Иштта докъах хьарчийна хIуманаш а ларйо цхьаволчо.

Цхьана а жайни тIехь а, йа далилехь а хьахийна дац докъах хьарчийна хIуманаш чуйан ца мега аьлла. Бакъду, цхьаволчо докъах тоьхначу мискан йа духIин хьожа дIайаллалц, чу ца йохьуш а йуьту и хIуманаш. Иза а шайн лаам бу хIораннан а.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**34 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать 22.10.2025 г. 15:00. Подписано в печать: 22.10.2025 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!